Полномочнэ лІыкІуэм зэрыжиІэмкІэ, цІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьыззэгъэпэщыныкІэ куэдкІэ щыгугъат Сочэ и олимп объектхэм. Лъэпкъ республикэхэм ухуэныгъэ Іэщ Іагъэ зиІэ куэд щыІэнатІэншэщ. Арщхьэкіэ олимп ухуэныгъэхэр езыгъэщІхэм Тыркуем е Китаим Іэщ ІагъэлІкІэ кьрыщэм щІыху мин 601-м щегъэжьауэ мин 660-м нэс щыхьуауэ. Псом хуэмыдэу ар егъэпІейтей Іэнатіэншэхэр Щэшэныгъэ Ингушымрэ Хуабжьу зэрыщыкуэдым. ЛэжьапІэнщэмкІэ щІыхуэр мы щІыналъэм сом мелуан 830-м щынос.

- Дэ лъэпкъ республикэхэм гугъуехьхэр щыдимащІэкъым. Абы хохьэ лэжьыгъэ зымыгъуэтхэр зэрыхъур процент 4-щ.

- ЩІыналъэ щхьэхуэхэм кризисыр зэрызыхащІар а бжыгъэ хэм кьагъэльэгъуащэрэкъым, - жеІэ ЭкономикэмкІэ школ нэхъыщхьэм лэжьыгъэр кьэпщытэныкІэ и центрым и унафэщІ Гимпельсон Владимир. Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныр экономикэ и лъэныкъуэкІэ армырами зи Іуэху мыщІагъуэ щІыпІэхэм щынэхъ Іейщ.

Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныныр социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, официальнэу Іэнатіэншэхэм я бжыгъэм нужьрей лъэхъэнэм щыхэзыхыгъ Челябинск, Волгоград, Новгород Ищхъэрэ, Тверь, Свердлов областхэм. Абыхэм и лъэс ныкъуэм кьриубыдэу лэжьапІэ зыфІэкІуэдахэм я бжыгъэр хуэдищкІэ нэхъыбэ щыхъуащ. Іэнатіэншэхэм псынщІэу щыхэхъуэ металургиер, хуэныгъэ Іэнатіэхэм нэхъ зыщнужьыгъэ щыта, иджы кризисым зэщІищта щІыпІэхэм.

ПЕТРОВ Дмитрий.
«Труд».

● Зэдэлэжьэныгъэ

ЗыщІэбэнар зрагъэхъулІэ

Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зауэ хуэІуэхуэщІэхэмкІэ зэрапыщІам нэхъри зригъэужьыну Урысей Федерацэр ящъ ипщ.

ООН-м и мамырщІэкъу кьарухэм Куржым щагъэзащІэ кьалэнхэм кьыпащэну хуит зыщІ мандатыр пхиимыгъэкІыу Урысейм иджыблагъэ Щынагъуэнщагъэмкіэ Советым Іэ щи(этащ. Абы кьыдэкІуэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий правительствэм и пщэ ирилъхьащ Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зауэ хуэІуэхуэщІэхэмкІэ ядэлэжьэныгъэ теухуа зэгурыІуныгъэ игъэхъэзыру Іэ тригъэзэну. Президентым и пщэрыльрыІ ООН-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и Советым Іэ зэрыщІэтэ щыкІэри зыпэмыплъа Іуэхуу щытакъым: нэгъабэ и щыщкъэІу мазэм Кавказ Ипщэм щызэригъэхъулІэхэр игъэбыдэну Урысейр хущІокъу. НэгъуэщІу жьІпІэмэ, хамэ кІэльыплъыныгъэм щІэмыту Іэщ Іэкіэ Зэщ Іуэхуэдэ Іуэхуэ ящІ. Ар ехьэлІащ зыщІэхуэ щІыпІэ зэрыхъуар. Псом хуэмыдэу ар ехьэлІащ зыхъуэмэжьныгъэмкІэ промышленностым, - жиІащ Устиновым. - Заказ щыщымыІэкІэ, цІыхухэр ІуатъэкІыи хуей мэхъу. Нэхъыбэу ар зыжьэхэуэр урысхэрщ.

Полномочнэ лІыкІуэм зэрыжиІэмкІэ, цІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьыззэгъэпэщыныкІэ кьыззэгъэпэщыныкІэ куэдкІэ щыгугъат Сочэ и олимп объектхэм. Лъэпкъ республикэхэм ухуэныгъэ Іэщ Іагъэ зиІэ куэд щыІэнатІэншэщ. Арщхьэкіэ олимп ухуэныгъэхэр езыгъэщІхэм Тыркуем е Китаим Іэщ Іагъэлі Іэ кьрыщэм щІыху мин 601-м щегъэжьауэ мин 660-м нэс щыхьуауэ. Псом хуэмыдэу ар егъэпІейтей Іэнатіэншэхэр Щэшэныгъэ Ингушымрэ Хуабжьу зэрыщыкуэдым. ЛэжьапІэнщэмкІэ щІыхуэр мы щІыналъэм сом мелуан 830-м щынос.

- Дэ лъэпкъ республикэхэм гугъуехьхэр щыдимащІэкъым. Абы хохьэ лэжьыгъэ зымыгъуэтхэр зэрыхъуар процент 4-щ.

- ЩІыналъэ щхьэхуэхэм кризисыр зэрызыхащІар а бжыгъэ хэм кьагъэльэгъуащэрэкъым, - жеІэ Экономикэмкіэ школ нэхъыщхьэм лэжьыгъэр кьэпщытэныкІэ и центрым и унафэщІ Гимпельсон Владимир. Щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщыныр экономикэ и лъэныкъуэкІэ армырами зи Іуэху мыщІагъуэ щІыпІэхэм щынэхъ Іейщ.

Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэныныр социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, официальнэу Іэнатіэншэхэм я бжыгъэм нужьрей лъэхъэнэм щыхэзыхыгъ Челябинск, Волгоград, Новгород Ищхъэрэ, Тверь, Свердлов областхэм. Абыхэм и лъэс ныкъуэм кьриубыдэу лэжьапІэ зыфІэкІуэдахэм я бжыгъэр хуэдищкІэ нэхъыбэ щыхъуащ. Іэнатіэншэхэм псынщІэу щыхэхъуэ металургиер, хуэныгъэ Іэнатіэхэм нэхъ зыщнужьыгъэ щыта, иджы кризисым зэщІищта щІыпІэхэм.

ПЕТРОВ Дмитрий.
«Труд».

● Ипщэ щІыналъэм

КъулыкъущІэмрэ депутатымрэ ягъэкъуаншэ

ДАГЪЫСТЭ *Н. Щыщагъэ зэрыкІуэ бжьыпІэм Гъэпщыпхуэ кьыхрагъэщу яубыдащ республикэм и Бабаюрт куейм и администрацэм и кьудамэм и унафэщІымрэ щІыпІэ Советым и депутатымрэ.*

ДАГЪЫСТЭНЫМ щыІэ МВД-м и пресс-ІуэхущапІэм кьызэриІутамкІэ, Шэдэным кьыпекІуэкІ магистралыр кьыщалпльыхьым хабзэм кьемызэгъэу абы кьыхаша бжьамийр кьалъэгъуащ, Мыгувэу яубыдащ ар зи Іэужьхэри. Фейдэ кьахуэзыхь «Іуэхур» кьызэрагъэпэщащ Бабаюрт куейм и администрацэм и кьудамэм и унафэщІымрэ щІыпІэ Советым и депутатымрэ. Ахэр кьыщащам кьыкьуахащ кІэрахьуэрэ автоматрэ, яхуэфэщэн щэ щІыгъуу, бжьамийм зэрелэжь Іэмэпсымэхэр.

Псыдзэм и эранкІэ

КРАСНОДАР КРАЙ. *Нужьрей зэманым щыІэ узлбанэщхуэхэм я зэран жьлагъуэ куэдым екІащ.*

- ПСОМ хуэмыдэу хэщІыныгъэщхэр ягъуэтащ Отраднэ куейм хьихьэ Передовая, Удобная станицэхэм. Уруп псыр кьиури, абыхэм дэт унэхэм щІэуащ, - жиІащ МЧС-м Краснодар краим щІэ управленэ нэхъыщхьэм и дежурнэм.

Цыхуи 155-рэ щыпсэу Передовая жьлэм къедзыІа щІыпІэхэм тель лъэмжьжІ псыдзэм тригъхащ. Удобнэм метр ныкъуэкІэ зыкъыщыІэзыта псыр унагъуэ 200-м, школ-интернатым ящІэуащ.

Олимп унэ

РОСТОВ ОБЛАСТЬ. *Нэхъапэм зэи къэмыхьуауэ, Дон Іус Ростов и спортсменхэм «Олимп унэ» яІэ хьуащ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэр игъэзащІэкІэрэ, областым и губернатор Чуб Владимир Дон Іус Ростов и щІыпІэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зым Пекин щекІуэкІа Олимпиадэм кьыщыкъэканыкІахэм фэтэр пщыкІутІ щахухихащ. Унэ эратахэм яхэтщ Олимп чемпионхэр Гушинэ Юлие, Сильнов Андрей сымэ, нэгъуэщІхэри. Ящыгъупщакъым ахэр зыгъэсахэри.

Хьыбарыншэу кІуэдахэр кьалъыхьуэж

ОСЕТИЕ ИШХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. *1992 гъэм щыІа осетин-ингуш зэныкъуэкъум ятпкІ нткІэ, хьыбарыншэу кІуэдахэр къзыпыхьэжьыну ковпссэ хэхэт республикитІым я гъуэгу кьыззэрагъэпэщащ.*

- Комиссэм хагъэхьащ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ кІуэдахэм я Іыхьлыхьэмрэ, - кьыщыдэжаІащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и правительствэм. - Щыхуэхэр кьыщалпльыхьэнущ Осетие Ищхъэрэм и Пригороднэ куейм я Иртишьи и Джейрах районымрэ. Абыхэм щыхуэ куэд щыщІалъхьа хъащхьэхэр щыІэу хуагъэфащэ.

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, осетин-ингуш зэныкъуэкъуэр 1992 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м Владикавказ и Пригороднэ куейм кьыщыхъеящ. Махуищкіэ яхуэмыгъэувыІэу екІуэкІа зэрэуэм щыхуэм 180-м щІигъу хэкІуэращ, 400-м нэблагъэ уІэгъэ хъуащ. Иджыри кьэс щыпсэуа щІыпІэм ирахуриз, ингуш минхэр щтапІэ ихьэжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм и Президентым и «дыщэ кадр гъэтІылъыгъашІэм» хагъэхьаэм ящыщу нэхъ щІалэ дыдэ, Зэбдлжьгуэ лъэхъэнэм и экономикэмкІэ институтым и лабораторэм и унафэщІ Назаров Владимир кьыдэриІутыгъэкІэ, фІэкІыпІэнщэу щІалэгъуэгъэ дзэм ираджэныр щагъэтамэ, ди къэралым и экономикэм хуабжьу зригъэужьыну. Абы и тегъэщІапІэхэр фи пащхьэ ядолъхьэ:

- НОБЭ псори егъэпІейтей Урысейм и гъэтІылъыгъэхэм дапхуэдизэ дрикъуныни. Нэхьапэхэм хуэдэу, ахэр дгъэкІуэдмэ - мыбдежьым финансхэмкІэ министрыр захуэщ - абыхэм дызэрыкъунур илъэситІщ. Ауэ узыгъэпІейтейраци, властым кьалэныщІэхэр иджыри и пщэ ирельхьэж. КьапщІэжь, дэ кьызэрыдбжамкІэ, пенсэ нэхъ мащІэ дыдэр урипсэуфын хуэдизэ щыным, зи ныбжь хэкІуэтахэм ар яхуэгъэхъуэным, кьищынэмыщІауэ, илъэсым сом мин 415-м щІигъу кьэзылажьхэм я улахуэм страховой взносыр щхьэщхьыным 2010 гъэм и бюджетым хэщІныгъэу сом триллион 1,88-рэ иритынущ. Пенсэ Іуэхухэм я гугъу сщІыркъым - абы хэгъэхьуэныр Іэмалынщэщ. Ауэ сыт сом триллион ныкъуэ щытетбгъэкІуэдэнущ кьудейхэм налогыр ящхьэщыхьныным? Абы бюджетыр игъэмащІэнущ, инфляциер дриГъуеинущ. Псом япэу хилъафэнур а дыщІэгъэзавэ пенсионерхэрщ.

Іуэхур зытетыр

Дуней псом зыщцызыубгъу экономикэ кризисыр щыхъыну хуагъэфащэ пІалъэр зэтехуэркъым. Абыкіэ хьыбар дэзыгъэщІэнур ар кьыщежьа Америкэм и Штат Зэгуэтхэщ. А къралым псэупІэм и уасэр щыдэкІуеижу щІидзэмэ, Іэнатіэншэхэм я бжыгъэм хэщІмэ, игІанэщ фІым ущыгугъ щыхъунур. Зэкіэ апхуэдэ лъэпкъ щыІэкъым. Нэхъ Іенжращи, США-м къыкІэлъыкІуэу къралыкІуэу зэмылІэужьыгъуэхэм я правительствэхэм ялъэкІ кьагъанэркъым... кризисым пищэн папщІэ. Зызыубгъу а мафІэр ахьшэкІэ ягъэункІыфІыну хэтщ. Абы нэхърэ нэхъыбІ Іэужькіэжьым тетурэ зи Іуэху зыщыхьаэр банкрот ящІу зэхуащІыжамэ, «ДжеНерал моторс» концерн цІэрыІуэм ирашІам хуэдэу. Армырамэ, ахэр «ІпІэгъуеІ» пщІыкІэ, зыужьыныгъэ щыІэнукъым.

● Зи чэзу псалъэмакъ

Дзэм ирадженэн щагъэтамэ... экономикэм зиужьынут?

Зы щапхъэ закъуэ: урысей металлургкомбинатым и унафэщІым иджыблагъэ ткІийуэ хуагъэуващ и дэжькІуэ куэд зэуэ ІуимыгъэкІыну. «Куэд» псалъэм къраГъэкІымкІэ щыщІэупщІэм кьыжраІащ ар щыхьу 50 нэхърэ нэхъыбэр зэрыарар. Арати, мазэ кьэс щыхьу 49-рэ Іуигъэкіыу иригъэжьащ. Адрейхэм я улахуэм кІэриудащ икІи лэжьапІэншэхэм ящІ ящІ. Ауэ ар ехьэлІащ зэрыщІэтэ щыгугъ хъуащ. Иджы лэжьакІуэ псори арэзыкъым, кьыщитхыныу хъэзыщІ. Зэрылажьэри я улахуэм хуэфэщэнущ. Лей хъуа псори зэуэ Іуигъэкіыну унафэщІыр хуит ящІамэ, иджыпстуи лэжьакІуэхэм кьахь улахуэм хуэдизэ Іэнатіэншэхэм пособиеу кьратынут. Абы щыгъуэмзи кьэнахэм лэжьащІэ тэмэм яІэнут.

Иджыпсту кьралым щыхьу мелуаниблым нэблагъэ щыІэжьапІэншэщ. Ар лэжьэфынухэм я процентэ 9,5-рэ мэхьу. Болгариемрэ Польшэмрэ, кьапщтэмэ, процент 20-р ІэнатІэншэу щыщытуи социальнэ зэрыхьэзэриншэу псэуащ. Урысей Федерацэри кризисым кьыхэкІыфынут, зи Іуэху зэІыхьа предприятэхэр кьригъэлъыну хуІэкъуурэ абыхэм мылъку ятримыгъэкІуэдамэ. Жаіэ, Тольятти щыпсэухэр автомобиль кьыщІэтэжьІыным фІэкІа зыми емылжьыфынут. Сыт щхьэкІэ? МащІэ кьарумрэ мылъкумрэ зытебгъэкІуадэ хъунур? А упщІэхэр нэхьыбэу зыхуэгъэзар Волжскэ автозаводым и унафэщІэхэрщ.

ХэкІыпІэхэр здэщыІэр

Хьэрхуэрэгъухэм япэлъэщым, Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэр зи лъабжьэ экономикэщІэ Урысейм дауэ зэрыщыгъэбгъэщынур? Псом япэрауэ, кьаІэщІэкІын хуейщ мы Іэнатіэм кьэкІуэн иІэти, адрейр зэи кьыпхуэІэтынутэкъыми жьхуиІэ гупсысэкІэм и лъахъэхэм. Ар дыгъуасэрей махуэщ. Сталиным зэрыщІыр апхуэдэуэт: кьуажэм и зэфІэкІыр кьигъэсбэнуэр, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ кьалэм щригъэхуэрт. Индустриализацэм и пэщІдзэ лъэхъэнэм е дунейпсо зауэм и зэманым а Іуэху бгъэдыхьэкІэр кьезэгъэнут. Ауэ иджыпсту псори иэгъуэщІщ. Ноив Зелиндиевым кьаштІэмэ, Іэнатіэ нэхъыщхьэ щыІэр мэхьумэшырщ. Адрей псори - финансхэри, щІэныгъэри, иэгъуэщІ Іэнатіэхэри - зыхуэлажьэр аращ. ЦІыхухІи, щІыуэпс гъэтІылъыгъэмкІи егъэлеяуэ кьулей Урысей Федерацэм экономикэм и кьудамэ псоми тыншу зыщебгъэужьыфынущ. Ауэ абы щхьэкІэ щхьэзакъуэ мылъкур хьумэным, контрактхэр фІэкІыпІэншэу гъэзэщІэным, зыми и унафэм щІэмыт судым зегъэужьауэ кьэралым и унафэм экономикэр кьыщІэгъэкІын хуейщ. Абы папщІэ системэр зэрыщІэту хъужьыпхъэщ.

Щапхъэу къэтщтэнщ курыт Іэщ Іагъэ щрагъэгъуэт ехьэлІащ. Сыт ди ПТУ-хэр апхуэдизу щІэтхъэмыщкІэр? Хьэрычэтыщ Іэм пыщІэныгъэ щагъэуэ хуаІэкъыми аращ. ПТУ-м щеджэхэрщ. Іэщ Іэкіэ Зэщ Іуэхэдэ Кьарухэм ираджэр. Сыт абыхэм мылъку щІатебгъэкІуэдэнур, еджэнщ кьызэрауху ахэр дзэм ирадженымэ?! КьызэрыщІэкІымкІэ, профтехщІэныгъэм зыкъебгъэІэтыжьын папщІэ щІалэгъуалэр фІыкІыпІэнщэу армэм дашынур щыгъэтын хуейщ. КьызэрыдбжамкІэ, ди къралым и нобэрей сэлэт мин 400-р контракткІэ ирадженэмкІэ пхъуэжьын щхьэкІэ сом меларди 100 текІуэдэнущ. Ар хэкум илъэсым кьыщалэжьым и процент 0,2-рэ хъуу аращ. Абы щыгъэмэ контракткІэ дзэм кьулыкъу щызыщІэхэм я улахуэр кьэралым ику ину щыщыІэм процент 20-кІэ щІигъунущ. КьищынэмыщІауэ, ди экономикэм абы сыт хуэдизу фІыгъуэ языхуихьыну! Іэщ Іагъэм хуегъэджэнымрэ лэжьыгъэм и рынокым зауэжьынущ, ар зэрыпсэуэ Іэмал зыхуэхъуэхэм кьэралыр нэхъ Іэзэу яхъумэнущ. Кризисым и лъэхъэнэм Іэнатіэ зыфІэкІуэдахэм армэм лэжьапІэ щагъуэтынущ. Абы щыгъэмэ училищхэмрэ колледжэмрэ кьэзыухэзэр курыт, рабочэ Іэщ Іагъэлі-Іэнр иджыпстуи щамыльуэт заводхэм увыфынущ. ИкІэм-икІэжьым, кІэ ета хъунущ военкоматхэм щызэкІуэ Іуэльхъэ Іыхьым, армэм дэжьІкІи щхьэкІэ езджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэтІысхьэу зыри зыхуэмей Іэщ Іагъэхэм хуедэхээр, диссертацэхэр зытехъэр щІигъежьнукъым.

● Ищэ щІыналъэм

КъулыкъущІэмрэ депутатымрэ ягъэкъуаншэ

ДАГЪЫСТЭ *Н. Щыщагъэ зэрыкІуэ бжьыпІэм Гъэпщыпхуэ кьыхрагъэщу яубыдащ республикэм и Бабаюрт куейм и администрацэм и кьудамэм и унафэщІымрэ щІыпІэ Советым и депутатымрэ.*

ДАГЪЫСТЭНЫМ щыІэ МВД-м и пресс-ІуэхущапІэм кьызэриІутамкІэ, Шэдэным кьыпекІуэкІ магистралыр кьыщалпльыхьым хабзэм кьемызэгъэу абы кьыхаша бжьамийр кьалъэгъуащ, Мыгувэу яубыдащ ар зи Іуэхьхэри. Фейдэ кьахуэзыхь «Іуэхур» кьызэрагъэпэщащ Бабаюрт куейм и администрацэм и кьудамэм и унафэщІымрэ щІыпІэ Советым и депутатымрэ. Ахэр кьыщащам кьыкьуахащ кІэрахьуэрэ автоматрэ, яхуэфэщэн щэ щІыгъуу, бжьамийм зэрелэжь Іэмэпсымэхэр.

Псыдзэм и эранкІэ

КРАСНОДАР КРАЙ. *Нужьрей зэманым щыІэ узлбанэщхуэхэм я зэран жьлагъуэ куэдым екІащ.*

- ПСОМ хуэмыдэу хэщІныгъэщхэр ягъуэтащ Отраднэ куейм хьихьэ Передовая, Удобная станицэхэм. Уруп псыр кьиури, абыхэм дэт унэхэм щІэуащ, - жиІащ МЧС-м Краснодар краим щІэ управленэ нэхъыщхьэм и дежурнэм.

Цыхуи 155-рэ щыпсэу Передовая жьлэм къедзыІа щІыпІэхэм тель лъэмжьжІ псыдзэм тригъхащ. Удобнэм метр ныкъуэкІэ зыкъыщыІэзыта псыр унагъуэ 200-м, школ-интернатым ящІэуащ.

Олимп унэ

РОСТОВ ОБЛАСТЬ. *Нэхъапэм зэи къэмыхьуауэ, Дон Іус Ростов и спортсменхэм «Олимп унэ» яІэ хьуащ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэр игъэзащІэкІэрэ, областым и губернатор Чуб Владимир Дон Іус Ростов и щІыпІэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зым Пекин щекІуэкІа Олимпиадэм кьыщыкъэканыкІахэм фэтэр пщыкІутІ щахухихащ. Унэ эратахэм яхэтщ Олимп чемпионхэр Гушинэ Юлие, Сильнов Андрей сымэ, нэгъуэщІхэри. Ящыгъупщакъым ахэр зыгъэсахэри.

Хьыбарыншэу кІуэдахэр кьалъыхьуэж

ОСЕТИЕ ИШХЪЭРЭ-АЛАНИЕ. *1992 гъэм щыІа осетин-ингуш зэныкъуэкъум ятпкІ нткІэ, хьыбарыншэу кІуэдахэр къзыпыхьэжьыну ковпссэ хэхэт республикитІым я гъуэгу кьыззэрагъэпэщащ.*

- Комиссэм хагъэхьащ хабзэхъуэмэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ кІуэдахэм я Іыхьлыхьэмрэ, - кьыщыдэжаІащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием и правительствэм. - Щыхуэхэр кьыщалпльыхьэнущ Осетие Ищхъэрэм и Пригороднэ куейм я Иртишьи и Джейрах районымрэ. Абыхэм щыхуэ куэд щыщІалъхьа хъащхьэхэр щыІэу хуагъэфащэ.

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, осетин-ингуш зэныкъуэкъуэр 1992 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м Владикавказ и Пригороднэ куейм кьыщыхъеящ. Махуищкіэ яхуэмыгъэувыІэу екІуэкІа зэрэуэм щыхуэм 180-м щІигъу хэкІуэращ, 400-м нэблагъэ уІэгъэ хъуащ. Иджыри кьэс щыпсэуа щІыпІэм ирахуриз, ингуш минхэр щтапІэ ихьэжащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

БжыгъэхэмкъаІуатэ

■ **Властым хуэгъэза щІэнхъаджагъэ мин 28-рэ Урысейм нэгъабэ щаІэжьащ.**

Къэралым и Прокурор нэхъыщхьэ Чайкэ Юрий Федерацэмкіэ Советым щищІа докладым кьызэрыхэщыкІэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм хэпщІыкІыу нэхъыбэрэ хабзэр кьызэпаУд хъуащ, Іулъхэ кьеІыэыхэм я бжыгъэм хуэдитІкІэ хэхъуащ. 2008 гъэм кьыщІэхъащ коррупцэм ехьэлІаУэ щІэпхъаджагъэ мин 200-м щІигъу.

■ **Белоруссием щыпсэуэхэм я процент 55-р уейкьым Урысейм и гъуэгу зы Къралыгъуэ зэгуэт кьызэрагъэпэщыну.**

Нэхъыбэр зыщІэхъуэпсыр Европэ Зэгурыпсымэгъэм хьэхъэнрщ. Урысейм пыщІэныгъэ бдзэ хуаІэну уейр зэрыхъур процент 20,4-рэщ. ВЦИОМ-м зэрыщІэупщІам кьызэригъэльэгъамкІэ, УФ-м щыпсэуэ и процент 46-р арэзыкъым Къралыгъуэ зэгурыІ Белоруссием даІ

КЪАГЪЫРМЭС Борис

Усэхэр

БлэкІа гъащІэр

«СыткІэ сыхуеиж си блэкІа гъащІэм?»
Ахматовэ Аннэ

Сыхуеиж къудейкъым блэкІа
гъащІэм
Сэ си дежкІэ икъукІэ
лъапІэщ ар.
Сэ абыкъм яхуэощІыр фІыщІэ,
ІейкІэ ахэр сигу
кІэзмыгъэкІыж.

Гъэ блэкІахэм хэтащ сядэ-
сянэр,
Сабийгъуэр арщ сэ
щызгъэкІуар.
Си щІалэгъуэм хуэсщІын сэ
гукъанэ?!
Й дахапІэу гъащІэм арщ
сиІар.

ЗылІ къикІуи гъуэгуанэ сэ
къэскІуащи,
Сыхэмыт схъуэжыну - ар сы-
сеищ.
Іуэху гугъу куэд абы
сыщгъекІуащи,
Ари гъащІэм щыщщи - сызы-
хуейщ.

Сщыгъупщэнкъым сэ зэгуэр
сщІыгъуажэр,
СызэплъэкІмэ, ахэр слъагъу
къысфІощІ.
Жыжьэ хъуами си гъэ ежьэ-
жахэр,
Си Іэр гуапэу ахэм яхуэощІ.

Гур щІэгуфІэр

Си гур хохъуэ,
къогуфІыкІыр.
Сыщгъуэзэщ къыщыщІам:
Субыдыну ар слъэкІакъым,
Си бгъэм икІри лъэтэжауэ,
Ар щохьэщІэ адэжь щІапІэу
Сэ зэгуэр сыщыпсэуам.
Къелъыхъуэж си сабиигъуэм
Зым пэзмыщІу, сригуэхуэу.
Срипагэу сэ сиІахэр:
Ди пщІантІэшхуэр, ди жыг
хадэр,
Абы ижу ди псы щІыкІыр,
УдзыпщІэшхуэу бжьэпэ дахэр,
Куэбжэ щІыбым деж ди анэр
ТетІысхьэпІэм тесу, бынхэр
КъэкІуэжынкІэ гугъэу, пэп-
лъэу...
Абгъуэм хуэдэу, дышапІауэ,
Дыщеджауэ къуажэ школыр,
Ди губгъуэшхуэр, мэзхэр,
псыхэр...
Ди нэхъыкьхэр, си ныбжь-
эгъуэхэр...
Іэдж си гум къелъыхъуэ-
жыр
Ауэ куэд имыгъуэтыж, -
Ихъуэжащ зэманым псори.
Сыт итІани гур щІэгуфІэр,
Тьагкэ бзууэ, щІыкІелъатэр?
Сыт къэхъуаами, зихъуэжами,
Си къуажэжьыр ноби псэущ,
Лажьэм шхэжу, мамыр жылэу
Дунейм тетщи - мис ар фІыщ!
Си гур арктэ хэзыгъахъуэр,
Си нэм - мащІэу телъмй
пшагъуэ...

Кхъужьей закъуэм жиІар

Жыгхэр... сыт зекІуэну
щІыхуэмейр?
Шынэу пІэрэ бакъуэмэ
джэлэнкІэ?
Мес, и закъуэ дыдэу щытщ
кхъужьей,
ПІфІощІыр ныбдежьэну
ущыблэкІкІэ.

Си гукъэкІым ар щыгъуазэ
хуэдэ,
Мокуэ жиІэу, щхьэкІэр егъэ-
сыс:
«Укъызолъыр уэ,
сыпфІэпсэкІуэду,
Ауэ мы бжесІэнум егупсыс:

«Сыт, къэзгъанэу фІыуэ
слъагъу
си щІыпІэр,
СыщІежьэнур, сызеКІуэфУи
сощІ?
Сыкъыщыхъуа хэкум, си
псэупІэм
Хуэдэ мы дунейм темыт
къысфІощІ.

Сэ къыслъосыр дыгъэм и ху-
абагъэр,
Сэ къысльосыр щІым и жу-

СлъокІыр сэри схэлъу хъуа
гуапагъэр
Стыуэ, сыщІэтыну уафэ
щІагъ.

Зы къудамэ закъуэ
спытыхункІэ,
КъыспыкІэжу, нэхъ мыхъуми,
зы къъужь щІыкІу,
ГъащІэ хьэкъыр сэ
сыпшынысыхукІэ
Здэнт сыпсэутэм, бжьизи
схуремыкІу.

Пщащэмрэ пщІащэмрэ

ЩІэлъщ жыг щІагъым щІэкІу
пщІащэ.
А жыг щІагъым щІэтщ зы пща-
щэ.
Пщащэм пщІащэхэр къещыпл,
Зэхуихьэс нэхъей насып.

Гъуэжь-плъыжьыфэу
Іэрамэшхуэ
Кйищыпащи, гуфІэгъуэшхуэ
Игъуэтауэ, пщащэр щытщ,
ЗэрищІынyр пщІащэр сыт?

ЩІыІэ уаеу, щІымахуэкуу,

* * *

Нэщхъей сыщыхъукІэ угуэа-
вэу
Слъэгъуатэм, гуауэр
сщхьэщыкІынт,
Мы си гур мылми, хъужьмт
мафІэ,
ПшахьуэщІым розэ
щызгъэкІынт.

* * *

Уэ дзыхь къысхуэпщІу
щыжьІакІэ,
КъэІуатэ уигу къысхуиплъу
хъуар,
Сыхуейкъым пэжым и зы
кІапэ.
Мыхъунум жыпІэ, бзыщІ уэ
ар.

* * *

Ухыгъэр фІыкІэ зыхуэупсэм
Иретыр дихьэу и псэм фыз,
Мэпсэу ар, хэтым хуэдэу
щыпсэм...
Ауэ апхуэдэхэр зырыщ.

* * *

Емынэр къакІуэрэ къэтІысым,
Уи джатэр къипхкІэ сыт
пхуейІэн,
Емынэр щытмэ щІыхубзу?
А Іуэхум хуейкъым
щІэупщІэн.

Си щІыхугъэ «усакІуэ» гуэрым деж

Зэзэмызи, пэжу, пщогъупщэж,
Ауэ фІыуэ ар езым уощІэж -
Уи щхьэм кьІпхыфауэ зы са-
тыр
ХужьпІэну: «Сэ сысейщ мис
мыр», -
Хэткъым птхахэм, лейкІи
умыятэ:
Ухъуфа къудейщ уэ компиля-
тор.

Сэ гъащІэр фІыкІэ къызэтащ

«Жьы уохъу», - жыпІащ.
Уи уэ укІуэди.
Хъарзынэ гуэркъэ ар, ныб-
жьэгъу!
Жьы мыхъуу лІэжьр икъукІэ
куэди,
Сэ къыслъысащ Тхьэм и
гущІэгъу.

Абы къыдэкІуэуи сыт хуэ-
дэу,
Сэ гъащІэр фІыкІэ къызэта:
КъыззэнэкІащ сэ усэ куэду,
АбыкІи си пщІэм зиІэтащ!

Тет цІыху хабзэм!

ТІэщІихыну дэ ди псалъэр,
Хъуащ абы кьещакІуэр куэд.
«Дэ иджы къэсащ ди пІалъэр, -
ЖаІэу. - ФлъэкІмэ
фимыкІуэт!»

ТегушхуапІэ дыкъащІауэ,
Я къулыкъухэм къыкъуокІ,
ТлъэмыкІыжІа къафІэщІауэ,
ЗагъэлІыфІу къоувыкІ.

Хъырц ди хэкум хуамыщІами,
Я бгъэм еуэу къоувыф.
ДикІуэтауэ къафІэщІами,
Дэ зыдмыт, зыдоІыпъыф.

Лъэпкъым папщІэ щхьэж
хуэщІэнур

Дымыижэу дывгъэлэжь.
Къыхэпхамэ къулыкъу щІэныр,
Щхьэузыхь уэ бэм захуэщІ.

Утегушхуэу уэ нэгъуэщІым
Лей епхыну ухэмыт.
Къыпхуэгъуну ар къыпфІэщІым
-
Уэ нэхъ щыуэ щІым темыт.

Лей зезыхьэм лей лъысыжу
ГъащІэм хабзэу къыдокІуэкІ.
ЦІыхур куейщ, зэгупсысыжу,
ИмыщІэну Іей, фІы фІэкІ.

Уи гур ину, уи псэр къаб-
зэу
Утетыфмэ мы дунейм,
БгъэзэщІащи уэ цІыху хаб-
зэр,
Къыпщыхуэнкъым Тхьэм и ней!

* * *

«Пащтыхьым щыгъуэ» жыпІэу
щытамэ,
«Советскэм щыгъуэ» жыпІэ
дыхъущ.
А лъэхъэнитІым бэм пхъэбжь
телъамэ,
Иджы гъуэщІыбжьым ди пщэр
ихъуащ!

Си гур зылъыхъуэр

Дыгъэм зезгъажьэу
Сыдэлъщ Лэскэн псыхъуэ,
Зы Іуэху мы дунейм темыты-
жу КъысфІощІ.
Ауэ мы си гур мыувыІэу
МэлъыхъуэУ
Сыщиныбжьам сэ зэгуэр
Илъэс тІощІ.

* * *

Щытащ сэ фІыуэ слъагъуу
ГъащІэр, гъатхэр
Сыхуэлэжьащ, слъэкІ сщІэуэ,
Лъэпкъым, Хэкум.
Абыхэм я насыпыт
Сыыгъатхэр,
Сыт щыгъуи ахэрт сиІэр
Напэу, нэкуу.

* * *

Уэ хамэбзэр хъуам уи унагъ-
уэбзэ,
ХуэпщІыжауэ арщ уи унагъу-
эбжэр.

* * *

«Сыадыгэщ», - жыпІэу
напщІэнель
Лъэпкъыр пщІыну, кхъыІэ,
ухэмыт.
Апэ щІыкІэ зыгуэр хуэщІи
еплъ,
Арышамэ уэ уи уасэр сыт...

Си фІэщ мэхъу

ГъащІэ сатыру нобэ сызыхэ-
тым
ЗэгуэР, сэ сощІэ,
сыхэджБлыкІынщ.
Сыкъыщыхутэу щытмэ сэ ахъ-
рэм,
Дунейм тетыну стхахэм
ялъэкІынщ.

Сэ яхэслъхьащ абыхэм псэ
хуабагъэ,
ЦІыхугъэкІэ, пэжыгъэкІэ
згъэпсащ.
Уэ сатыру стхауэ хъуам гу-
апагъэ,
ГурыщІэ къабзэ сэ ялъызгъ-
эсащ.

Аращ си фІэщхъуныгъэр
къызыхэкІыр
Сыхуейкъым пщІэншэ хъуну
сэ зэлэжьар.
Нэхъыби кьихьыфамэ си
зэфІэкІым,
ХуэсщІынт хьэлэл си лъэпкъ-
ым, хэкум ар.

Теплъэгъуэ

Къуажэр щымщ. Гъуэлъыжащ унагъ-
уэхэр.
Хьэхэр сакъыу зэм къыхобэныкІ.
МэщІэращІэ уафэр, из къэхуащи
вагъуэхэр,
Тырку къэфакІуэ пщащэу, мес,
зэщІолыдыкІ.

КІасэу тхэн щІэзыдзам жызоІэ

БжесІэнущ пэжыр, къуэш, зумыгъ-
эгъ.
УщИщІалэгъуэм птхакъым уэ зы
усэ,
Иджы, уи ныбжьыр фІыуэ
хэжІуэтауэ,
Сэ зэхьиох а Іуэхум уэ зептауэ
Тхьэм къыгурІэжъулІэ! Хъунут ар
си гуапэ.
НэхъыфІ сыт щыІэ кохъуулІэн уи
плъапІэр?!
Ауэ слъэмыкІ къытезмыхьэну шэч
Усыгъэм ущиІэным уэ зэфІэкІ.
Апхуэдэу тыншу ар уэ щхьэ пльы-
та?
ЗищІысыр пщІэрэ уэ зызупщытар?!
КъагъэІэсэну ар хуежьами куэд,
КьахуигъэкІуащ а я мурадхэм
кІуэд.
Мыгъасэу щытмэ, ягъэсэфыр шыр,
Зэчий гъэмЫІэм хуэмыгъасэ мыр,
ЩІэныгъэ ин бгъэдэлъми - мысэ-
бэп.
Поэзиер - ар мыужьыхьыж дэпщ,
Іэзэгъэ хъуаскІэ зи гум илъ
фІэкІа,
Хэзэгъэфыну зыхуэзфІэкІа
Иджыри къэс къытемыхуа дунейм...
Мы бжесІэр щІы уи фІэщ, уКуейм.
Е, зыхуэ жыпІэм, ауэ егъэкІуэкІ.
Іэзэгъэ уиІэу Тхьэшхуэм
къыщІигъэкІ.

Пшэмрэ бгъщхьэмрэ

Пэмплъауэ бгыр абы,
Щхьэщыхьащ пшэ кІапэ.
СыткІэ ищІэрэт а бгым
Ар хуэкІуауэ гуапэу?

И щыгу лъагэмкІэ а пшэр
Зэпхитхъащи, жеІэ:
- Сэ пхуэзэдэнкъым а уэ
пщІэр!
Дэнэ уэ уздеІэр?!

- Уэ уи закъуэщи, уэзщ
СфІэщІри сыкъэкІуати,
Ухуэмеймэ - согъэзэж,
СыщІуэ пэтати...

Къохъур зэуэ бгыр
Іэнкун:
«Щхьэ жесІа апхуэ-
дэу?..»
Илэжьащи Іуэху мыхъ-
ун,
А пшэр фІэпсэкІуэду,

ЖеІэ: «УмыпІащІэ,
С ы н о л ъ э І у ,
зыкъыззэшэкІ,
Схуэгъэдахэ гъащІэр,
З а к ъ у э н ы г ъ э м
сыхэгъэкІ...»

Къэхуу щытмэ мащІэу
уэгъу,
Къехьыр пшэм уэшх
кІапэ.
Хъуауэ ахэр зэныбжь-
эгъу,
Зэдопсэухэр гуапэу.



Си Фо

(Ауан)

Къыщимышэм «Фо» фІищауэ,
«Си Фо цІыкІукІэ»
кІуришэкІт.
Кьишэу ар щыхъуами щауэ,
Игу къэмыкІт а зы цІэм
фІэкІ.

НысащІэхукІэ пкІатэ-лъатэу
А Фо цІыкІур екІуэкІащ.
ЛІыми и гур ину батэрт,
ГуфІэрт ар: «Си кІэн
къикІащ!»

Ауэ кьохъур Іуэху
мыхъумыщІэ,
ЛІым ищІэнур къыхуэмыщІэ -
Фызыр хъуащ къэкІухьырей,
ДэкІыу куэдрэ къэтырей.

Мэтхьэусыхэ Фо и гуащэр,
Куэд и нысэм хуегъэфащэ.
ЛІыр йоупщІыр Фо итІанэ:
«Къысхуумыщ!Іыт уэ гукъанэ...

ЖыІэт, дэнэ къыщыпкІухьыр?
Си Фо цІыкІу, уэ сыт пхуэ-
мыхьыр?
Щхьэ уэхуа уэ къэтырей?
Е уедгъэхьрэ уэ гугъуІей?»

Моуэ жеІэ Фо, Іущащэу:
«СФІощІыр, тхьэ, сивдзауэ
мащэм.
ЩІэкІи-щІэплъи симыІэжу
СыщІесщ унэм, сыгуІэжу.

Махуэм щэ фІэкІ сыдэмыкІ,
Сыкъэтын жэщитІ слъэмыкІ».
И лІыр ину дыхьэшхащ:
«Лей алъандэм дэ уэтхащ.

Укъэтыну упсэуху,
ДэкІ си пщІантІэм, Фо хуэ-
мыху!»
Фызыр, арти, дихужащ,
Зэуэ и псэр псэхужащ.
Кьишэжауэ нэгъуэщІ фыз,
ЦІэ фІищынум йогупсыс.

Бзу уэрэд

Уэрэд ныбэу къуалэбзу,
Ди тхьэкІумэр фогъэзэу -
Сыт кьиІэгъэкІыр фи уэрэ-
дым?
Теухуащ ар, дауи, куэдым.
- Хьэуэ, зыщ зытеухуар;
Ди гум зэи имыхуарщ:
Дыщалъхуауэ ди дунейрщ -
Жэнэт щІыпІэу Къэбэрдейрщ.

Теплъэгъуэ

Къуажэр щымщ. Гъуэлъыжащ унагъ-
уэхэр.
Хьэхэр сакъыу зэм къыхобэныкІ.
МэщІэращІэ уафэр, из къэхуащи
вагъуэхэр,
Тырку къэфакІуэ пщащэу, мес,
зэщІолыдыкІ.

КІасэу тхэн щІэзыдзам жызоІэ

БжесІэнущ пэжыр, къуэш, зумыгъ-
эгъ.
УщИщІалэгъуэм птхакъым уэ зы
усэ,
Иджы, уи ныбжьыр фІыуэ
хэжІуэтауэ,
Сэ зэхьиох а Іуэхум уэ зептауэ
Тхьэм къыгурІэжъулІэ! Хъунут ар
си гуапэ.
НэхъыфІ сыт щыІэ кохъуулІэн уи
плъапІэр?!
Ауэ слъэмыкІ къытезмыхьэну шэч
Усыгъэм ущиІэным уэ зэфІэкІ.
Апхуэдэу тыншу ар уэ щхьэ пльы-
та?
ЗищІысыр пщІэрэ уэ зызупщытар?!
КъагъэІэсэну ар хуежьами куэд,
КьахуигъэкІуащ а я мурадхэм
кІуэд.
Мыгъасэу щытмэ, ягъэсэфыр шыр,
Зэчий гъэмЫІэм хуэмыгъасэ мыр,
ЩІэныгъэ ин бгъэдэлъми - мысэ-
бэп.
Поэзиер - ар мыужьыхьыж дэпщ,
Іэзэгъэ хъуаскІэ зи гум илъ
фІэкІа,
Хэзэгъэфыну зыхуэзфІэкІа
Иджыри къэс къытемыхуа дунейм...
Мы бжесІэр щІы уи фІэщ, уКуейм.
Е, зыхуэ жыпІэм, ауэ егъэкІуэкІ.
Іэзэгъэ уиІэу Тхьэшхуэм
къыщІигъэкІ.

●Хъуэхъу

Арщыдан къуажэм щыщ Бэджрэт Аленэ Анзор и пхъур къыщалъхуа махуэщ, нобэ илъэс ирокъу

Ди пхъурылъху
гъэфІэн цыкІу!
Дыгъэ-маззу укъытхуепсу,
Узыншагъэр уи куэду,
Насыпыр уи натІэу,
Лъэ быдэкІэ узекІуэну
Ди гуапэу цыпхъуэхуэ.
УэркІэ дыкушхуэу
Тхьэм утхунгъэпсэу!

ТекІужьхэ уи дадэ Анатолэрэ уи нанэ ХьэІишэтэрэ, уи анэ шыпхъуэху Майе, Марьянэ, Заретэ, уи анэ дэпъуу Рустам сымэ.

●Зэпеуэ

Милицэм и дэІэпыкъуэгъу пэжхэр

Милицэм и лэжьыгъэм зы-мащІэкІэ нэхъ мыхъумрэ щы-гъуазэм ещІэ кинолог ІэнатІэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр. Абы и фІыгъэкІэ илъэс кьэс щІэпхъаджагъэ щэ бжыгъэхэр къыщІагъэщ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм кинолог ІэнатІэм зегъэужьыным гулыпэтэ хуэщІ. Министерствэм иІэщи и къызэгъэпэщыкІэкІэ, хьэхэм я хэщІапІэрэ ахэр гъэсэныжкІэ ЮФО-м щыпэрыт кинолог центр, Мыбы щолажьэ зи Іэщ-щІагъэм хуэІэпижь, къызэрыгуэкІыу щымыт Іуэхум и щэхухэм хэзыщыкІ Іэщ-щІагъэлІхэр.

УФ-м къэрал кІуэці Іуэхуэ-хэмкІэ и министр, армэм и генералІэ Нургалиев Рашид абы-хэм къахуигъэхьа хьэухьу те-леграммэм къыщыхигъэщащ мы зэманым а ІэнатІэм мыхьэ-нэшхуэ зэриІэр. «Кинологым и лэжьыгъэр гулъыщ икІи ар-рейхэм ящыкькым. Иджырей кинологым щІэныгъэ куу иІэн, шыІэныгъэ хэлъын, на-бдзэгубдзаплъэу щытын хуейщ, - къыщыгъэльэгъуащ тхыгъэм.

КъБР-м щыІэ кинолог ІэнатІэм и тхыдэр 1932 гъэм, Налшык щыІэ милиц эшколым хэ-гъэзнын хуэгъэхьэзыр щы-щІадзам, кьыдежьащ. Хэку за-уэшхуэм и пэ кьихуэ ильэс-хэм абы кьыщІигъэкІауэ щы-тащ к урсант мини 3-м щІигъу.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМОН-м и штатым 1995 гъэм кинолог-Іэщ-щІагъэлІу тху хагъэ-хьаУэ щытащ. 1996 гъэм Нал-шык щыІэ къэлэмкІэ милицэм и ОВО-м лэжьакІуэ 15 ныкъэ-щІэзыбыдэ кинолог Іуэхущ-лІэ кьыщызэІуахащ. КъБР-м щыІэ МВД-м Хьэ гъэсэхэмкІэ центр 1999 гъэм кьыщызэра-гъэпэщри, иужьым ар Кинолог Іуэхущ-лІэ хъуащ. 2005 гъэм ирихьэлІэу абы Іэщ-щІагъэлІу 50 иІамэ, иджы а бжыгъэр 85-м нэсащ.

Налшык «Урысейм и щІалэ-гъуэ» стадионым иджыблагъэ щекІуэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и кинологхэр, я гъэ-сэнхэр ящыкІыну, зыхэт а рес-публикэ зэпеуэ. Ар къыхэрыз-зэрагъэпэщат кинолог ІэнатІэр илъэси 100 зэрырикъум и щыхькІэ.

Зэхьэзэхуэм щІидзэн и пэ-кьихуэу КъБР-м къэрал кІуэці ІуэхуэхэмкІэ и министр гене-рал-лейтенант Томчак Юрий и унафэкІэ ягъэпэжащ Кинолог центрым и лэжьакІуэ зыбжанэ.

МВД-м и ППСМ-м и лэжьа-кІуэ, кинолог взводым и къ у-дамэм и унафэщІ, милицэм и прапорщик Джэдгуэш Артур зэпеуэм бжьыпІэр щиубыдащ. КъБР-м щыІэ МВД-м и ОМОН-м кьулыкъу щызыщІэ Гавашели Луарсабе етІуанэ, Ки-нолог центрым и лэжьакІуэ Бегиев Мухьэдин ещанэ увы-пІэхэр кьахьащ.

ЛЫГЪУР Ахьмэд,
Къэрал кІуэці ІуэхуэхэмкІэ министерствэм
КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ-лІапІэм и лэжьакІуэ.

●Спорт хъыбархэр

СтІолыщхьэ теннис щыдзэгу пэш

КъБР-м СтІолыщхьэ теннисымкІэ и федерацэм и президент Молэ Арсен нэгъабэ Жэмтхьэлэ Инщэрэм щригъэщІауэ щыташ спорт іІэужьыгъуэ куэдым хуэхэха утыку зэпэщ. Къыкіэльыкіэу тыгъэ гуапэ и къуажэгъуэм иджыблагъэ яхуищІащ абы - жылэм Щэнхабзэмкіэ и унэм къыщызэІуахащ стІолыщхьэ теннис щыдзэгу пэш.

А ГУФІЭГЪУЭМ хэтащ республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэнэ Асльэнрэ Шэрдэж районым администрацэм и Іэтащ-кьэ Темиржанов Махътырэ.

Сыт и зы ныкъыкъэ зэпэщ а пэшым зэуэ цІыхуипщІ стІолыщхьэ теннисымкІэ щызэпеуэфынущ, иІэщ шахматашкэ джэгупІи.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымрэ туризмэмкІэ и минис-терствэм абыхэм ядэлэжьэну тренер яхухихащ. Иджы жэмтхьэлэдзс забий 30-40-м нэс а спорт лІэужьыгъуэхэм хэзыщІ-нущ. Шахматрэ шашкэкІэ я зэфІэкІхэм зрагъэжьужьыфынущ ныбжьыщІэ 20-м нэблагъэм.

Урысейпсо зэхьэзэхуэ

«Налшык» спорт комплексым щекІуэкІащ стІолыщхьэ теннисымкІэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ. Наркотикэм ебэны-ныкІэ дунейпсо махуэм хуэгъэпсащ зэпеуэм хэтащ Владикавказ, Мэхъэчкъалэ, Псыхуабэ, Новошахтинск, Черкесск, Светлоград, нэгъуэщІ къалэхэм къикІа спортсмен 286-рэ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭМИ дунейпсо классым и мастерхэми я зэфІэкІ ягъэлъэгъуащ а махуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм ящыщу зыхэта гупхэм щытекІуащ **Хъыдзэдж Беллэ, Къамболэ Къасбулэт, Буланкинэ Аннэ, Бер Инал** сымэ. Теннисым дихьэхэм къаХэжаныкІащ налшыкдэс **Бэдракъ ФатІимэ.**

Зэхьэзэхуэм щытекІуаХэм ирата саугъэтхэр ягъэхьэзыращ республикэм и наркодиспансерым, зэщІэгъэзыІуаУэ ялэжь, экономикэ щІэпхъаджагъэхэм ебэныныкІэ управленэм, наркополицэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дин Іуэхущ-лІапІэхэм къаБгъэдэкІ фэепльэ саугъэтхэр теннисист нэхъ щыкІу дыдэхэм ираташ.

Кучинэ Марие лъагэу долъей

НыбжьыщІэхэм атлетикэ псынщІэмкІэ я дунейпсо чемпионат бадзэуэгъуэм и 8-12-хэм Италием и Брессаноне щыпІэм щекІуэкІынущ.

КЪЭРАЛЫМ Атлетикэ псынщІэмкІэ и федерацэм иубзыхуащ Урысейм и гуп кьыхэхам хэту абы яГъэкІуэнухэр.

Лъагэу дэлъеинымкІэ пщащэхэм я зэхьэзэхуэм Италием и зэфІэкІ щІигъэлъэгъуэну дзыхь хуащІащ Къбэрдей-Балъкъэрым щыщ **Кучинэ Марие.**

Іуащхьэмахуэ къыщызэхуос

1996 гъэ лъандэрэ хабзэ хъуауэ ильэс къэс Іуащхьэмахуэ кьы-щызэхуос Урысеймрэ СНГ-м хьыкъ къэралхэмрэ лыжэкІэ, сноубордкІэ бгым къежьэжьи зыкІэфІ спортсменхэр.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 1 - 15-хэм екІуэкІыну зэхьэзэхуэм хэты-нухэм я нэгуи зрагъэужьынущ. Зи гугъу тщІы гъэмахуэ зэ-хьэзэхуэхэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсар щІалэгъуалэр спортым дегъэхьэхынырщ, гъащІэ узынышэм жыджэру хэшэныщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Сэтэней.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 4-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ-лІапІэхэм я дзэлъэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ-лІапІэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьныр и щІэ дальщ КъБР-м федеральнэ ношІ зиныщІэныхьхэмкІэ и управленом.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щныкмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-эм щІыгъу яхуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору ЖъэкІэмыхьу Маринэ, корректорху Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.),* ПхытІыкІ Юрэ *(1,4-нэ нап.),* корректорхэм я дэІэпыкьуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* ГъукІэлІ Пае, ЩомахуэУ Маринэ, *сурэтыщІ* Кьарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 19.039●Заказ №2116